# MBEU DZINOBVA KUMAKAMBANI

Mbeu idzi dzinobva kumakambani dzinenge dzakauchikwa, imhando dzembeu dzakavandudzwa *(hybrid)* kana *(Open Pollinated Varieties) (OPV's)* uye dzimwewo mbeu dzinosimwa dzakaita senhungirwa *(plantlets)*. Mbeu idzi dzinoitwa nemakambani akazvimirira nemamwe masangano anoita zvetsvakiridzo, mbeu iyi vanodaidza zvakare nezita rekuti mbeu yakavandudzwa ***'improved seed'***.

Mbeu dze ***'hybrid'*** ndidzo dzekutanga dzakavapo kuburikidza nekusanganiswa kwembeu mbiri dzakasiyana. Kuti pave nembeu ye *'hybrid'*, kusanganiswa kwakaitwa zvekudirwa vachidzoreredza. Mbeu iyi ye *'hybrid'* inogadzirwa nemakambani anoita nezve mbeu. Imbeu dzinodhura uye dzinofanira kutengwa mwaka woga woga izvo zvinowedzera tarisiro kubva kuma kambani aya nevarimi.

Varimi vakashandisa mbeu dzavanenge vachengeta kubva pagohwo re kumbeu ye *'hybrid'* gohwo ravo rinoderera.

***'Improved OPV'*** mbeu iyi yakaitwa kwenguva refu kuburikidza nekusangisanisa mbeu pasina kudzoredzera *(open breeding)*. dzinowanikwa muzvikamu zvakasiyana siyana kana kuratidzika zvafanana pahuremu, kuenzana nepakukura .Varimi havafaniri zvavo kutenga mbeu iyi mwaka woga woga, vanogona kushandisa mbeu dzavanenge vachengeta kubva pagohwo ravo, vachiwana gohwo rakanaka.

***'Plantlets'*** inhungirwa dzinobva padzinde, sezvakaita semashizha, madzinde, dzinobukira, dzinotambarara dzinoshandiswa pakuita zvimwe zvirimwa zvitsva.

dura rembeu



Kuchengetedza unaku

Mbeu yakauchikwa nenhukirwa *(Improved seed ne plantlets)* dzinopiwa kumakambani makuru anouchika mbeu apiwa rezinesi kuti vagadzire dzakawanda. Mbeu yawedzerwa uhuwandu inonzi nechirungu *'certified seed'*. Dzimwe nguva varimi zvakare vanogona kupiwa basa iri rekuwedzera huwandu wembeu idzi. Kuwedzerwa kwembeu idzi kunoitwa zviri pamutemo unodzvanyirira we mbeu *'Seed Law'*.

kurima mbeu

vauchiki

Vauchiki vembeu vanotengesera makambani anogadzira mbeu, avo vanozotengesera mbeu iyi kuvarimi. Mbeu idzi dzinodhura chaizvo uye dzinopa gohwo rakakura kana varimi vakashandisa mafetiraiza nemishonga.

duduceltho.com

www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

african centre for biodiversity